


Amakuru Avuguruwe yo Kumurwa Kukuru wa Burlington

Ikigo C'amakuru shingiro no Kuvugurura ya
COVID-19 I Burlington (RRC)

Nzero 2020

Kirundi

Ubwoko Bushasha Bwa COVID-19



Ihindagurika ry'imiterere misha y'ikiza coronavirus ryaramaze kwi bonekeza. Mu gihe yari imaze kwigaragaza ubwambere m'ubwongereza, ubu naho iriko iratogwa mu bihugu vyinshi harimwo n'igihugu cacu. Abategetsi biteze ko uwo mugera musha uzibonekeza vuba muri Vermont. Ihindagurika ry'imiterere y'imigera imeze kumwe, nkuko biri ku moko y'ibicurane umwaka kuwundi, mugabo igitandukanye n'uko uyu mugera musha ukwiragira vyihuse cane gusumvya umugera wambere wa COVID-19. Haracariho vyinshi bitazwi muri kano kanya vyerekeye akaga gashobora guterwa nuyu mugera musha wa COVID-19. Ibi bisigura ko abantu bo mu karere k'iwacu bashobora kuba babangamiwe n'ivyago vyo kwandura uyo mugera, abantu benshi bashobora kuja kugwarira mu bitaro, kandi turashoboye kubona impfu z'abantu baba Vermont ziyongera. Ronka ayandi makuru n'ibigezweho kubicanye numugera mushasha wa COVID-19 kurubuga rwa web ya CDC.

Itangwa ry'Urucanco



Nkuko bamwe mumaze igihe mu vyumva, ubu hari ubwoko bubiri bw'incanco, arizo Moderna na Pfizer, zahawe uburenganzira bwo gukoreshwa muri Leta z'unze ubumwe za America. Hano hari ibintu bike vyo kumenya:

- Vermont iri mu ma sekeza ya kare yo gutanga urucanco ku bakozi baza imbere mu vy'amagara y'abantu hamwe n'abantu bakunda kumara umwanya mu vy'amagara y'abantu. Umurwi ukurikira uhabwa amahirwe uzoba ugizwe n'abantu bageze mu za bukuru bo mukarere ka Vermont hamwe n'abantu bafise ivyago vyinshi vyo kuba bafise ingwara zidakira.


- Abantu barenga 20,000 muri Vermont baramaze kuronswa incanco zabo zambere muri Nzero igenekerezo rya 8, kandi bazoshishikara kwiyongera nkuko icyo leta iguma irushizaho yakira izindi ncanco.
- Urucanco rwemejwe muri iki gihe rutangwa mu vy'ikiro bibiri, amayinga atatu gushika kuri ane atandukanye.
- Nti turamenya ngo ni ryari urucanco ruzotangura kuboneka kubwinshi. Igihugu gitegekanya ikwiragizwa ku bwinshi ry'urucanco ku bantu bose guhera muri Ndamukiza gushika hagati y'icyi rya 2021. Ku bana bafise imyaka iri musyi ya 16, Iboneka ry'urucanco rishobora gutwara igihe kinini nkuko ivyigwa bikibandanya gukorwa ku mirwi y'abakiri bato.
- Izi ncanco za vuzwe ni incanco zo mu bwoko bwa mRNA (Intumwa ya RNA), yo yigisha ikongera ikarungika amabwirizwa ku ngirangingo k'ukuntu zo rwanya ubwandu. mRNA ntiyigera yinjira hagati mu ngirangingo, aho ibihimba vyirondoka biri, ntizogira ingaruka canke ngo ihindure ingirabuzima fatiro yawe. Uru rucanco kandi si umugera muzima kandi ntirushobora ku gutera COVID-19.

Nimba ufise ibibazo vyerekeye urwo rucanco, uwujewe ivy'amagara y'abantu akorana n'umuryango wawe arashobora kuvyishura. Nimba udashobora gushikira uwujewe ivy'amagara y'abantu, urashobora gushika ku Kigo c'Amakuru no Kuvugurura co kumugwa mukuru hanyuma tuzokora ivyo dushoboye vyose to guhereze inkuru ukeneye zivuye ku muhinga mu nkuru z'ubuvuzi.



Ibintu biteye igomwe dushobora gukora twese muri uno mwanya ni kuguma turi maso kandi dukingire umuryango hamwe n'ababanyi mukubandanya twambara agafuka munwa ka bigenewe, gukaraba iminwe yawe kenshi gashoboka, guhana umwanya iyo mukoraniye hamwe, kandi twirinde amakoraniro. Nimba woba warigeze kuja mw'ikoraniro na rimwe, igisata c'amagara y'abantu muri Vermont kirasaba kuja kwi pimisja ubwonyene inyuma y'imisi indwi inyuma y'ikoraniro. Nimba ukeneye agafuka munwa, urasabwa kubaza RRC. Turi muri ibi twese.

Itangwa ry'ibikoresho vyo guhema



Ibikoresho vy'ugutyorora umuyaga vyerekanywe ko bikura ibice vy'imigera bivuye mumuyaga kandi bigafasha kugabanya – ariko ntibikuraho imigera! – ivyago vyo gukwiragira kw'imigera ahantu hugaye. Umugwa mukuru wa Burlington uzotanguza umugambi wo gukwiragiza ivyuma bifasha guhema mu ntumbero yo gutanga ibiyunguruzo vy'umuyaga kubantu kubakora ivyashara ba Burlington hamwe no mu bibanza bitagira inyungu aho imihana myinshi ishobara kuba hamwe. Abaronkejwe impano bazoronswa ubufasha mu kugura hamwe nu gushinga icuma kiyungurura umuyaga. Gusaba iyo mpano bizoba vyuguruye mu kiringo c'iyinga imwe, kuva Kuwambere Nzero igenekerezo rya 11 gushika igenekerezo rya 18, 2021. Kubazoteba gusaba iyo mpano bizokwemeregwa, ariko aho ivyo bikoresho biva bishobora guhera. Kubibazo canke ubufasha muvyuguhindura mu zindi ndimi, murasabwe kubaza kuri BTVEmployer@burlingtonvt.gov. Nimba ukunda gufashwa muvy'ururimi biciye mu guhamagarana, urashobora guhamagara RRC kuri 802-755-7239

Urubuga web rwo gutanga: <https://www.burlingtonvt.gov/covid-19/ventilation-grant> (Icongereza)

Gupima



Gupima vyariyongereye kandi biboneka buri musi muri Burlington (405 Pine St.) na Winnoski (32 Mallets Bay Ave), hamwe no gutanga kwiyonereye ukwezi kwose. Nimba ufise ibibazo mugusaba, urashobora guhamagara ababijejwe kuri AALV or USCRI, canke ubaze RRC, tuzokora uko dushoboye kugira ngo ufashwe. Musi ni intonde z'uburyo butandukanye bwo gupima:

Ku musi - Burlington City Arts Studio - 405 Pine St, Burlington Vt, 05401

Ikibanza ciza ni ikibanza kiri inyuma ya Burlington City Arts Studio kuri 405 Pine Street

Ikora ku musi: 12:00pm-8:00pm misi yose

Ubufasha bwo gusobanura mu zindi ndimi buboneka umwanya wose buri musi.

Kwiyandikisha kare birakenewe

Ku - musi: O'Brien Community Center - 32 Mallets Bay Ave, Winooski VT, 05404

Ubufasha bwo gusobanura mu zindi ndimi buraboneka

Gupima bikora ku musi, Kuwambere-5:00pm-8:00pm, Kuwakabiri-kuw'Imana 9:00am-3:00pm

Kwiyandikisha kare birakenewe

Burlington North End Studios – 294 North Winooski Ave, Burlington VT, 05401

Gutanga bizokora 9:00am-3:00pm

Ubufasha bwo gusobanura mu zindi ndimi buraboneka

Nzero igenekerezo rya 15 - Kwiandikisha kare canke kwishikirayo

Nzero igenekerezo rya 22 - Kwiandikisha kare canke kwishikirayo

Nzero igenekerezo rya 29 - Kwiandikisha kare canke kwishikirayo

Colchester Malletts Bay Congregational Church - 1672 W Lakeshore Dr, Colchester, VT 05446

Gutanga bizokora kuva 9:00am-3:00pm

Ubufasha bwo gusobanura mu zindi ndimi kuri telephone buraboneka

Nzero igenekerezo rya 14 - Kwiandikisha kare canke kwishikirayo

Nzero igenekerezo rya 21 - Kwiandikisha kare canke kwishikirayo

Nzero igenekerezo rya 28 - Kwiandikisha kare canke kwishikirayo

Williston National Guard Armory - 7846 Williston Rd, Williston VT, 05495

Gutanga bizokora kuva 9:00am-3:00pm

Ubufasha bwo gusobanura mu zindi ndimi kuri telephone buraboneka

Nzero igenekerezo rya 13 - Kwiandikisha kare canke kwishikirayo

Nzero igenekerezo rya 27 - Kwiandikisha kare canke kwishikirayo

Ibibazo? Ukeneye Ubufasha?

Ikigo C'amakuru shingiro no Kuvugurura ya COVID-19 (RRC) I Burlington kiri hano kugira gifashe, Duhamagare kuri 802-755-7239 canke recovery@burlingtonvt.gov kandi uzosige ubutumwe buri kumwe n'izina ryawe, ururimi ukoresha, hamwe n'amakuru ku kuntu umuntu yokurongora, hamwe n'uburyo tuzogufasha vyihuta bishoboka. Ikigo cacu co guhamagara kirafise uburyo bwo gusobanura mu ndimi zitandukanye. Imisi yacu yo gukora ni guhera Kuwambere gushika Kuwagatanu, isaha, 8:00am-4:30pm.

Insiguro:

CDC

<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/transmission/variant.html>

<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/index.html>

Igisata Kijewe Amagara y'abantu ca Vermont

<https://www.healthvermont.gov/media/translation/covid-19-translations> (ronga inkuru zisobanuye mundimi zitandukanye kuvyerekeye COVID-19)

<https://www.healthvermont.gov/covid-19/testing/where-get-tested>

<https://www.healthvermont.gov/covid-19/vaccine>

Umugwa Mukuru wa Burlington

<https://www.burlingtonvt.gov/covid-19/ventilation-grant>

<https://www.burlingtonvt.gov/covid-19/testing>

<https://www.burlingtonvt.gov/resources>

Amasanamu avuye CDC & Umugwa mukuru wa Burlington